Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БеквичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 41 (6673) 23 сентябрь 2019 с. Итни МухIаррам 1441 с. Багъа - эркенаб

БАРКИ

## 27 сентябрь – тарбия кьолезул къо

**27 сентябрь ккола тарбия кьолезул ва школалъул гIумруялде рахинчIел лъималазул учреждениязул хIалтIухъанасул къо. Жидерго махщалилаб байрамалда хIалтIулъ лъикIал хIасилалгун дандчIвай гьабулеб буго Гумбет районалъул росабалъ ругел ясли-ахазул ва школазда цере рагьарал лъималазул учреждениязул тарбия кьолезги цогидал хIалтIухъабазги.**

РакI-ракIалъ баркула лъималазул учреждениязул хIалтIухъабазда байрам – школалда цебесеб лъай ва тарбия кьеялъул хIалтIухъанасул къо. Гьарула нужее талихI, рохел, гьабулеб ишалъулъ икъбал, тIурайги рекIел мурадал, кьеги халатаб гIумруги щулияб сахлъиги. Биччанте нужееги, нужеца хъулухъ гьабулел, тарбия кьолел ругел лъималазеги кидаго букIине гвангъараб бакь ва роцIцIараб зоб.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Флюорографалъухъ ралагъун чIун

**Бакълъулазул районалъул нухмалъулев ХIажимурад МухIамадовас сахлъи цIуниялъул суалал рорхараб данделъи тIобитIана**

**17 сентябралда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас тIобитIана сахлъи цIуниялъул, республикаялъулал программаби ва цогидалги кIвар бугел суалал гьоркьоб лъураб данделъи.**



Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул хIалтIухъабаз бакIалъулал самоуправлениялъул вакилзабаз, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулез ва цогидазги.

Данделъи рагьана ва гьенир гIахьаллъаразда районалъул бетIерас баркана Дагъистаналъул Халкъазул цолъиялъул къо. «Нилъер халкъалъ кинабго заманалда тушманасда бихьизабуна цолъи. Дица гьарула нилъер улкаялда ва республикаялда рекъел, парахалъи, сахлъи, гьединго нилъер цересел уммузул тарих, бахIарчилъи кIочонгутIи», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

ДРялъул МФЦялъул Гумбеталъул филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас абуна араб анкьалда централде бачIанин пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабизе 198 гIарза. Гьелдасан тIубанин 173 гIарза. ГIемерфункциялулаб централъул хIалтIухъаби щвана ЧIиркъатIа, Гьарадирихъ, ТIад Инхо, Аргъвани, Игьали, Гьоркь Инхо росабалъе. Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас абуна гьарулел хъулухъазул качество борхизаби мурадалда росабалъе хьвади ризлъизабизе ккелин.

Районалъул ветеринарияб управлениялъул нухмалъулев ГIали ГIалиевас бицана гьабсагIат мугIрузда ругел цо-цо боцIулъ унти тIатун букIанин. Гьелда хурхун боцIуда уколал гьарунин.

Районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Зубайировас баян гьабуна районалъул гIолилазул командаялъ Унсоколо районалъул Шамилхъала поселокалда тIобитIараб районазда гьоркьосеб, 6 спортальул тайпа гьорлъ бугеб, турниралда гIахьаллъи гьабунин ва ккунин чанго призалъулал бакIал. Районалъул гIолилазул централъул вакилзабигун МахIачхъалаялда тIобитIана данделъи. Дагъистаналъул Халкъазул цолъиялъул къоялда хурхун мини-футболалъул рахъалъ «Лига Гумбета» къецал къаялъул тадбир тIобитIана ва гьенир бергьаразе къуна шапакъатал. Гьединго гьес бицана Игьали росулъ тIобитIараб мажлисалда гIахьаллъиялъулги.

Районалъул централияб больницаялда сахгьавулев вуго 48 унтарав, гьел хьезарун руго хIажатал дарабаздалъун. Больницаялда ва поликлиникаялда хIалтIи унеб буго штатнияб режималда. ЦIияб рентгеналъулаб аппарат лъезе бугеб кабинеталда ремонт гьабуна. ЧIахIиязда ва лъималазда гриппалда данде чIараб вакцина гьабиялъе хIалтIи гьабулеб буго, - ян абуна районалъул поликлиникаялъул нухмалъулей Мадина Къебедовалъ.

«Сельсовет “Мехельтинский”» поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас абуна росулъ лъим бачунел рогIразе ремонт гьабулеб бугин ва хIадурлъи гьабулеб бугин контейнерниял площадкаби раялъе. ДРялъул физическияб культуралъул ва спорталъул министерствоялъ ва Дагъистаналъул бадминтоналъул федерациялъ нилъер районалда бадминтоналъул къо тIобитIизе буго. Бадминтоналъул рахъалъ спорталъул мастер Анатолий Ярцеевас гьеб спорталъул тайпаялъул мастер-класс бихьизабизе буго, - ян абуна районалул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас.

Районалъул лъайкьеялъул отделалъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас бицана республикаялъулаб «150 школа» программаялда рекъон муниципалитеталъул школазда гьарулел ругел ремонталъулал хIалтIабазул. Ремонталъулал хIалтIаби гьарулел руго дарсал гьоркьоса къотIинаредухъ.

Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас данделъиялъул хIасилал гьаруна ва гьоркьор лъурал суалал гIумруялде рахъинариялъе тIадкъаял къуна.

**Хадижат Мазгарова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## ЦIияб Аргъвани: цIияб парк ва школа

**Бакълъулазул районалъул вакилзаби щвана бакIал ралел ва ремонтал гьарулел росабалъе**

Муниципалитеталъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевасул нухмалъиялда гьоркь Бакълъулазул районалъул администрациялъул хIалтIухъаби щвана ЦIияб Аргъваниб 250 цIалдохъанасе бакI бугеб гьоркьохъеб школа балеб бакIалде, ЦIияб Аргъвани росулъ паркалъулаб зоналде, Аргъвани гьоркьохъеб школалде. Районалъул бетIерасул заместительгун цадахъ рукIана районалъул бакIал раялъул ва архитектураялъул бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиев,

(Ахир - 2 - аб. гьумералда)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Владимир Васильев вручил медаль «20 лет разгрома международных бандформирований» муфтию Дагестана Ахмаду-хаджи Абдулаеву

-2 стр.



Поздравление главы Гумбетовского района Хаджимурада Магомедова в адрес муфтия Дагестана, шейха Ахмада афанди в связи с 60-летием

-2 стр.



Халкъияб бахIарчилъи

- 3 гьум.




Непобежденный боец из Гумбетовского района Ахмеднаби Магомедов завоевал пояс чемпиона в Пекине

- 4 стр.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса ГIали-хIажи

№ 41 23 сентябрь 2019 с.

АНТИТЕРРОР . МИРУ - МИР

# Владимир Васильев вручил медаль «20 лет разгрома международных бандформирований» муфтию Дагестана Ахмаду-хаджи Абдулаеву

**В День единства народов Дагестана, Глава региона Владимир Васильев вручил медаль «20 лет разгрома международных бандформирований» муфтию Дагестана, шейху Ахмаду-хаджи Абдулаеву.**



Руководитель республики поздравил духовного лидера мусульман с Днем единства народов Дагестана и с юбилеем – сегодня Ахмаду-хаджи Абдулаеву исполняется 60 лет.

При этом Владимир Васильев пожелал муфтию крепкого здоровья, долгих и счастливых лет жизни, плодотворной деятельности на благо мусульманской уммы и российского общества.

ДУХОВНЫЕ ЛИДЕРЫ

# Поздравление главы Гумбетовского района Хаджимурада Магомедова в адрес муфтия Дагестана, шейха Ахмада афанди в связи с 60-летием

**Уважаемый, досточтимый шейх Ахмад афанди!**
**Сердечно поздравляю Вас с 60-летием!**

**В сложные годы смены общественной формации в стране Вы способствовали сохранению мира и согласия, были инициатором реализации многих духовно-просветительских, социальных, благотворительных проектов, изменивших жизнь к лучшему.**



Ваша благородная, благодатная деятельность, направленная на распространение среди людей истинных ценностей ислама, на противодействие разрушительной античеловеческой идеологии экстремизма и терроризма, призыв к добру, состраданию, милости стали важным фактором обеспечения общественно-политической стабильности на Северном Кавказе.

Более 21 года вы являетесь Муфтием республики. За эти годы Вам пришлось пережить много невосполнимых потерь. Проигрывая в честной дискуссии, адепты радикализма и терроризма попытались добиться физического уничтожения носителей истинного ислама, приверженцев духовного и нравственного очищения, проповедников, призывающих к миру. Слава Всевышнему, что и на данном фронте террористы побеждены.

Ваши заслуги перед Дагестаном, перед страной и мусульманской уммой оценены по достоинству. В эти дни, когда в России проходят памятные мероприятия, приуроченные к 20-летию разгрома международных террористов, все вспоминают Вашу принципиальную позицию по данному вопросу. Вы надели военную форму и призвали всех дагестанцев и здоровые силы российского общества выступить против террористов.

Руководство и жители Гумбетовского района всегда готовы поддержать Вас, Ваши начинания и инициативы, мы плодотворно сотрудничаем с представителями муфтията, Советом имамов района, богословами в деле духовно-нравственного, патриотического воспитания подрастающих поколений, в профилактике идей экстремизма и других асоциальных проявлений.

Воздаю хвалу Аллаху и благодарю Всевышнего за то, что в Дагестане были и имеются истинные духовные лидеры, шейхи, за которыми идет народ. Да примет Аллах все Ваши добрые дела, Ваш призыв! Желаю Вам крепкого здоровья, успехов во всех начинаниях и свершениях, всего самого наилучшего!

**Глава Гумбетовского района**
**Хаджимурад Магомедов**

КОЛОНКА ГЛАВНОГО РЕДАКТОРА

# Гумбетовцы приняли участие в праздновании 90-летия Ботлихского района

**Накануне делегация Гумбетовского района приняла участие в памятных мероприятиях, приуроченных к 90-летию Ботлихского района и 20-летию разгрома международных террористов, вторгшихся на территорию Дагестана.**



В составе делегации были: начальник отдела культуры и туризма администрации МР «Гумбетовский район» Хайбула Абдурахманов, генеральный директор ОАО «Гумбетовское ДЭП № 10» Малачи Сурхаев, сотрудники концертно-театрального коллектива и другие.

Представители администрации Гумбетовского района передали руководству Ботлихского района поздравительный адрес от имени главы муниципалитета Хаджимурада Магомедова и вручили подарок.

В поздравительной речи главы Гумбетовского района Хаджимурада Магомедова отмечается, что Ботлихский район является одним из известных и больших районов Нагорного Дагестана, который вносит значительный вклад в социально-экономическое развитие республики.

«Ботлихский район является одним из крупных муниципалитетов Дагестана, в котором имеется развитая современная инфраструктура. Ботлихский район неоднократно посещал Президент Российской Федерации Владимир Владимирович Путин. Не раз отмечалось, что с Ботлихского района началось возрождение страны, здесь был дан отпор международным бандформированиям и в государстве начался процесс восстановления всех сфер жизни: от агропромышленного комплекса до военной индустрии. В столице Ботлихского района, в селе Ботлих, имеются межрайонные отделения многих федеральных и республиканских структур, данный населенный пункт является важным административным центром Нагорного Дагестана. Ботлихский район является родиной Героев Российской Федерации, удостоившихся этой высшей награды страны за доблесть, проявленную в отражении агрессии международных террористов в 1999 году. В 1999 году вместе с ботлихцами на защиту родной земли, целостности и конституционного строя страны встали и гумбетовцы. Ботлихцы и гумбетовцы столетия жили в дружбе и согласии, помогали друг другу в трудные времена, делили радость и горе. Руководство Гумбетовского района делает все возможное для укрепления наших экономических, культурных, социальных и иных связей, для сохранения и улучшения добрососедских отношений, развития института куначества и других форм коммуникации», – говорится в поздравительном адресе главы Гумбетовского района Хаджимурада Магомедова.

Работники отдела культуры и туризма Гумбета выступили с художественными номерами на торжествах в честь 90-летия Ботлихского района. Театрализованное представление «Завещание имама Шамиля» и другие композиции, продемонстрированные ими, произвели незабываемое впечатление на жителей Ботлихского района и гостей праздника.

# ЦIияб Аргъвани: цIияб парк ва школа

**(Байбихьи - тIоцебесеб гьум.)**

**муниципалитеталъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидов ва цогидалги.**



«Гумбет районалда рагIалде бахъинабулеб буго батIибатIиял бутIабазда федералиял ва республикаялъулал программаби. Ниж щвана чанго бакIал росабалъе бакIазде 250 цIалдохъанасе бакI бугеб ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школа балеб буго республикаялъулаб адресияб инвестиционнияб программаялда рекъон. Гьединго «Камфорная городская среда» программаялда рекъон ЦIияб Аргъвани ва Гьоркь Инхо росабалъ рагIалде рахъулел руго паркалъулал зонаби раялъул хIалтIи. Халгьабуна Аргъвани гьоркьохъеб школалда капиталияб ремонт гьабиялъул. Гьел ва цогидалги объектазда гьарулел хIалтIаби районалъул нухмалъиялъул бербалагьиялда гьоркь руго.

Подрядалъулал гIуцIабаз гьел бакIал рай къокъаб заманалда ва качествоялда ран лъугIизариялде кIвар кьолеб буго, - ян абуна МухIамад Хъарагишиевас.

**«Гумбет» РИО**

АНТИТЕРРОР. ДУНЯЛАЛЪЕ - РЕКЪЕЛ

# Халкъияб бахIарчилъи

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов: «ХIажат буго хадубккунги экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялда данде гьабулеб хIалтIи гьоркьоса къотIизе течIого бачине»**

**Муниципалитеталъул бетIерасул нухмалъиялда гьоркь Бакълъулазул районалъул вакилзабаз гIахьаллъи гьабуна 1999 соналда Дагъистаналде рачIарал халкъазда гьоркьосел хъачагъазул къокъаби щущахъ риххизариялдаса 20 сон тIубаялъул хIурматалда тIобитIараб ракIалде щвеялъул тадбиралда. Гьеб тIобитIана Каспийск шагьаралда ГIали ГIалиевасул цIаралда бугеб гIолилазул спорталъул кIалгIаялда. Гьелда гIахьаллъи гьабуна Дагъистан Республикаялъул нухмалъулез, федералияб властаалъул, Дагъистаналъул шагьаразул ва районазул вакилзабаз.**



«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас рехсана 1999 соналда дагъистанияз халкъазда гьоркьосел хъачагъазда данде мустахIикъаб дандечIей гьабиялъул, гьез улкаялъул ва республикаялъул цолъи цIуниялъул.

«ЗахIматал заманаздаги Дагъистаналъул тарихалда кидаго ракIана ВатIаналъе гIоло рухI къезе хIадурал бихьинчиял гIадамал. Гьединал мисалал нилъер районалда гIемерал руго. Бергьенлъи босана Надир-шагьасул кIудияб боялда тIад, гIахьаллъана КIудияб ВатIанияб рагъда, 1999 соналда халкъазда гьоркьосел террористал тIаде кIанцIидал гьел нахъчIваялда.

Гьел рагьазуль жигараб гIахьаллъи гьабуна бакълъулазги. 1999 соналъул август – сентябралда Гумбет районалъул кинало росабалъ гIуцIун ракIана ополченцазул отрядал. Болъихъ, ЦIиякъ ва цогидалги районазда ккарал рагъулал лъугьа-бахъиназда гIахьаллъи гьабуна район тун кватIирехун аразги. Террористазул квердасан хвана Дагъистаналъул муфти СайгидмухIаммад-хIажи Абубакаров ва цогидалги машгьурал гIадамал. ХIажат буго хадукккунги терроризм ва экстремизмалда данде гьабулеб хIалтIи гьоркьоса къотIизе течIого бачине», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

ГЬАНЖЕ РАКЪАЛЪУЛГИ БАГЪА ЦIЕХОГЕ

# Ракьул къанун хIалтIизабиялъул масъалаби

**Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана пачалихъияб кадастралъул багьа чIезабиялъул суалал гьоркьоб лъураб данделъи**

**Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана рищникъул бакIариялъул, апчалихъияб кадастралъул багьа чIезабиялъул ва ополченцазе шапакъатал къеялъул суалал гьоркьоб лъураб данделъи.**

ГБУялъул сайтазда лъун буго пачалихъияб кадастралъул багьа чIезабиялъул отчет. «Нилъер аслияб масъала ккола – гьеб гIадамазда лъазаби. ГьабсагIаталда гьабулеб буго гьоркьосеб бакIалъулал отчетазул анализ ва бокьарав гьелъул интерес гьабулев чияс



Данделъи рагьана ва бачана Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас. Гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна Бакълъулазул районалъул росабазул бутIруз, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулез ва цогидазги. «Пачалихъияб кадастралъул багьаялъул хIакъалъулъ» 237 – аб. Федералияб Законалда рекъон (2016 соналъул 3 июнь), ДРялъул «Дагтехкадастр» ГБУялъ багьа чIезабиялъе хIалтIи гьабулеб буго, - ян бицана районалъул бакIал раялъул ва архитектураялъул бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас. 3 сентябралда Росреестралъул ва ДРялъул «Дагтехкадастр» бегьула гIолел-гIоларел рахьал рихьизаризе. Гьеб отчет гIадамазда лъазабизе ккола», - ян абуна гьес.

Пачалихъияб кадастралъул багьа чIезабиялъул хIакъалъулъ гьоркьосеб бакIалъулаб отчет ДРялъул «Дагтехкадастр» ГБУялъул ва дагбти.рфалъул сайтазда лъун буго. 2019 соналъул 2 сентябралдаса 22 октябралде щвезегIан бокьарав чияс гIолел–гIоларел рахьазул хIакъалъулъ хъвазе бегьула «Дагтехкадастр»алъул адресалде, dtk@dagbti.com электронияб почтаялде яльуни МФЦялде. Районалъул росабазул бутIруздаги лъазабун буго гьеб информация жидерго сайтазда лъеян.

**Хадижат Мазгарова**

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

# Ккараб къо борхулел дагъистаниял

**Бакълъулазул районалъул росабалъ кIодо гьабуна Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо**

**Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къоялъул хIурматалда Ингишо росулъ тIобитIана «Нильцадахъ къуватал» абураб мини-футболалъул турнир. Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къоялда хурхараб темаялда тадбиралда кIалъазе яхъана гьеб росдал библиотекаялъул нухмалъулей ПатIина АхIмадова. Тадбир ана росдал гIолилазул жигараб гIахьаллъигун пайдаяб хIалалда.**

Гьоркь Инхо гьоркьохъеб школалда Дагъистаназул халкъазул цолъиялъул къоялда хурхун утренник тIобитIана. Гьенив кIалъазе вахъана гьеб тадбиралъул гIуцIарухъан МахIмуд ИбномахIсудов. Дагъистаналъул тарихалда хурхун утренникалда тIобитIана викторина. Гьеб предметалъе лъикIаб лъай букIин бихьизабуна 7 классалъул цIалдохъабаз.

Гъединго Игьали гьоркьохъеб школалдаги тIобитIана утренник. Тарбия кьеялъул рахъалъ директорасул заместитель ГIиса Шарапудиновас, байбихьул классазул рахъалъ директорасул заместитель СайгидуIа СайгидмухIамадовас цIалдохъабазе бицана байрамалъул бугеб кIвараль. Байрамалъул тарихалъул хIакъалъулъ бицана тарихалъул ва обществознаниялъул учитель Рашидбег Малачиевас, кIиабилеб классалда тIобитIана «Гъудуллъиялъ нилъ цолъизарула» абураб темаялда классалъул сагIат. 5 «Б» класалъул цIалдохъабазе, гьеб класссалъул нухмалъулей Гулисат Сулеймановалъ «Нилъ цолъун ругони, къезаризе кIоларо» абураб темаялда гара-чIвари гьабуна.

8 классалъул нухмалъулей ГIайшат Ибрагьимовалъ бицана Дагъистаналъул тарихалъул, республикаялъул бахIарзазул хIакъалъулъ. Гьединго 11 «А» классалда тIобитIана «Цолъиялъулъ буго нилъер къуват» абураб темаялда классалъул сагIат.

**«Гумбет» РИО**

НИЛЪ – БАРАБ АХIУЛЪГИ АХIАРАБ БОЛЪГИ

# Бакълъулазул лига

**Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къоялда хурхун ЦIияб Данухъ росулъ мини-футболалъул рахъалъ «Лига Гумбета» къецазда бергьаразе шапакъатал кьеялъул рохалилаб тадбир тIобитIана. Бакълъулазул районалъул гIатIиракьалда ругел росабазда гьоркьоб лъабго моцIалда жаниб щибаб анкьалда 11 командаялъ гIахьаллъи гьабуна минифутболалъул рахъалъ къецазда. Ахирисеб туралъул хIасилал гьарун тIоцебесеб бакI «Килятль» командаялъ, кIиабилеб бакI «ИчичIали» командаялъ, лъабабилеб бакI «ЦIияб МелъелтIа командаялъ ккуна.**



(Ахир - 4 - аб. гьумералда)

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН…

# «ГIумруялъул гъотIол гъенарал тIамхал»

**МелъелтIаса ПатIимат АхIмадибировалъул цIияб тIехь**

**МахIачхъалаялда «Бисултанова П. Ш.» басмаханалдаса къватIибе биччана МелъелтIаса шагIир, Россиялъул хъвадарухъабазул союзалъул член ПатIимат АхIмадибировалъул Гьеб тIехь ПатIиматил 12 – абилеб ккола, гьездасан 5 - тIехь лъималазе.**




**«ГIумруялъул гъотIол гъенарал тIамхал» абураб тIехь.**

ТIехьалда руго цадахъ хIалтIулел ракIарал ва цогидалги гIумруялдаса ратIалъаразде гьарурал кучIдул, шигIраби. Районалда тIадегIанал хIалтIабазда хIалтIулел ракIарал руччабазул хIакъалъулъ хъварал, рокьул багьа абурал, гьединго рагъул заманалда мугIрул гIадатги, квакIиги, къо хIехьейги бихьизабурал руччабазул хъисматалъул хIакъалъулъ хъварал харбал. Цогидалги цIализе гьира балел кучIдул, назмаби, шигIраби ва харбал.

ХIадурулеб буго лъималазе тIасияб соналъ къватIибе биччазе «Мокъокъил тIанчIи» абураб тIехьги.

**ГIайшат Исламбиева**

# Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къоялда хурхун Бакълъулазул районалда мини-футболалъул къецазда бергьазе шапакъатал къуна

**(Байбихьи - 3 - аб. гьум.)**

Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна диниял ва гIолилазул политикаялъул суалазул рахъалъ районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Зубайировас, Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Маккашариповас, ЦIияб Лак районалъул имам Шамил Назировас, «Казбек районалъул гIолилал» ДРО-Оялъул председатель АхIмад Иманшапиевас, Хасавюрт шагьаралъул гIолилал» ДРО-Оялъул председатель Камал ГIабдулаевас, гьединго Гумбет районалъул гIатIиракьазда ругел росабазул гIолилазул вакилзабаз.

Бергьаразе ва призеразе кьуна грамотаби, гIарцулал сайгъатал ва хьвадулеб кубок.

**«Гумбет» РИО**

НИЛЪЕР БЕРГЬЕНЛЪАБИ

# Бакълъулазул тохтурзабаз спорталъулъги тIокIлъи бихьизабуна

**МугIрузулаб территориалияб зонаялъул тохтурзабазда гьоркьоб тIобитIараб республикаялъул спартакиадаялда районалъул команда финалалде бачIана ва ккуна тIоцебесеб бакI.**





Спартакиадаялда гIахьаллъи гьабуна республикаялдаса 16 командаялъ. Къецазда рукIана бакIалда чIун халалъухъе кIанцIи, нусго метралъ рекери, цIай, пневматикияб туманкIалдасан речIчIи, шахматал хIай ва цогидалги къецал. Гьел тIоритIана МахIачхъалаялда Елена Исимбаевалъул цIаралда бугеб стадионалда. Районалъул медхIалтIухъабазул командаялъе нухмалъи гьабуна ЧIиркъатIа участковияб больницаялъул нухмалъулев МухIамад Шариповас. Лъабго къоялъ халат бахъараб къецазул хIасилал гьарун тIоцересел бакIал ккуна торгIо хIаялъул рахъалъ бихьиназул ва руччабазул командабаз, пневматикияб туманкIалдасан речIчIиялда ХIабизат ГIалихIажиевалъ, граната рехиялда Апанди Сулеймановас. Гьединго Апанди Сулеймановас кIиабилеб бакI ккуна 3000 метралъ рекериялда.

Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас баркана спартакиадаялъул призеразда, гьарана гьезие ха-дубккунги профессионалияб хIаракатчилъиялъулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет» РИО**

# Владимир Васильев возложил цветы к памятнику Герою России Алексею Козину

**Сегодня в рамках рабочей поездки в Новолакский район Глава республики Владимир Васильев возложил цветы к памятнику Герою России Алексею Козину. Об этом информагентству сообщили в пресс-службе руководителя региона.**

Бюст расположен на территории Новочуртахской СОШ № 2, которая носит его имя. На памятнике высечены слова из стихотворения Расула Гамзатова: «Всё то, что мы в окопах защищали иль возвращали, кинувшись в прорыв, беречь и защищать вам завещали, единственные жизни положив». Цветы возложила и мать Героя Лариса Козина, прибывшая в Дагестан для участия в торжественных мероприятиях.

Отметим, Алексей Козин начал офицерскую службу в июле 1999 года в механизированном полку дивизии оперативного назначения Северо-Кавказского округа внутренних войск МВД России, дислоцированной в Новочеркасске. В том же году он убыл в качестве командира танкового взвода в Дагестан, принимал участие в операциях по патрулированию административной границы с Чечней.

5 сентября 1999 года недалеко от райцентра Новолакское в Дагестане вступил в бой с бандформированиями, поддерживая мотострелковые части.

В экстренный момент Козин приказал раненым солдатам отходить, а сам остался их прикрывать. Когда патроны в автомате закончились, он взобрался на башню и открыл огонь из зенитного пулемёта, давая возможность военнослужащим, подоспевшим на выручку, подобрать и эвакуировать раненых.

Тело лейтенанта нашли после освобождения Новолакского района неподалёку от подбитого танка.

Указом Президента РФ от 12 ноября 1999 года за мужество и героизм, проявленные в контртеррористической операции в Северо-Кавказском регионе, лейтенанту Алексею Козину присвоено звание Героя Российской Федерации (посмертно).

ГУМБЕТ - РОДИНА ЧЕМПИОНОВ

# Непобежденный боец из Гумбетовского района Ахмеднаби Магомедов завоевал пояс чемпиона в Пекине

**Уроженец села Нижнее Инхо Гумбетовского района, мастер спорта по боевому самбо, чемпион кубка мира по бразильскому джиу-джитсу, представляющий клуб Universal fighters, Ахмеднаби Магомедов одержал победу над своим соперником Сайланом Джекси на турнире промоушена WLF на турнире, прошедшем в Пекине, и завоевал пояс.**




Магомедов стал чемпионом, совершив в пятом раунде болевую на руку своему оппоненту. Раннее Ахмеднаби Магомедов побеждал таких бойцов, как Chaowen Pan, Нурлан Асан, Сикен Та и др. Он выступает в весовой категории до 57 кг. В мире ММА Ахмеднаби Магомедов является непобежденным бойцом и ведет счет 7-0. Отметим, что Ахмеднаби Магомедов – трехкратный чемпион Москвы и Московской области по грепплингу и по BJJ , мастер спорта по боевому самбо, чемпион открытого турнира по бразильскому джиу-джитсу в Москве, чемпион различных международных турниров по грепплингу, обладатель пояса UWW «MOSCOW OPEN CUP CHAMPION», чемпион Всероссийского турнира по грепплингу, чемпион Кубка мира по BJJ 2016-17 Абу-Даби, мастер спорта по боевому самбо, обладатель синего пояса. Глава Гумбетовского района, олимпийский чемпион Хаджимурад Магомедов поздравил Ахмеднаби Магомедова с очередной яркой победой, пожелал ему покорения новых спортивных вершин, всего самого наилучшего.

**РИО «Гумбет»**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

# Внесены важные изменения в Федеральный закон «О Бухгалтерском учете» (№402-ФЗ от 06.12.2011г.)

**С 1 января 2020 года:**

**отменена обязанность представлять отчетность в Росстат;**

**вся годовая бухгалтерская отчетность представляется в налоговые органы только в виде электронного документа через операторов электронного документооборота.**

Перечень операторов электронного документооборота размещен на информационном стенде Инспекции.

Если Вы субъект малого предпринимательства (среднесписочная численность не более 100 человек и доход не более 800 млн руб.), то бухгалтерская отчетность представляется Вами:

в 2020 году – в виде электронного документа через оператора электронного документооборота или в виде бумажного документа;

с 2021 года - только в электронном виде через оператора электронного документооборота. В случае возникновения вопросов обращаться Межрайонную ИФНС России №12 по Республике Дагестан по адресу: Ботлихский район с. Ботлих, ул. Имама Шамиля 77.

**М. А. Магомедов,
заместитель начальника
межрайонной инспекции
ИФНС России № 12, по
Республике Дагестан,
советник государственной
гражданской службы РФ,
2 класса**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр
ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1063
Газета къватIибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкълъ къимат кьезелъун.